

PRINSIP KERJASAMA SAJRONE ADICARA NDORO BEI ING JTV

CHOIRIA FITRIYANTI

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Dhaerah
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya

fitrilagidong@gmail.com

ABSTRAK

Adicara Ndoro Bei meneliti kritik dan pitutur saben crita sing salaras karo tema dina kasebut. Kritik lan pitutur diandharake peserta tutur kanthi cara ndhagel supaya ora nyinggung pangrasa. Tuturan humor kasebut nggunakake prinsip kerjasama. Alasan kasebut sing narik kawigaten panulis ngliti bab iki.

Panliten iki nduweni underan lan ancas. Underane yaiku kepriye wujud prinsip kerjasama lan sipat humor sing ana ing adicara Ndoro Bei ing JTV. Dene ancane yaiku njlentrehake wujud prinsip kerjasama lan sipat humor sing ana ing adicara Ndoro Bei ing JTV.

Teori sing digunakake sajrone panliten iki yaiku prinsip kerjasama dening Grice lan sipat humor miturut Danandjaja. Prinsip kerjasama kaperang dadi papat yaiku maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, lan maksim cara. Dene sipat humor cacahé ana wolu yaiku ngemu kejutan, bisa ngecoh wong liya, nglanggar tabu, nampilake aneh-aneh, ora nalar, kontradiktif karo kedadeyan, nggodha lan nduwe arti luwih saka siji.

Metode pengumpulan dhata nggunakake teknik simak lan teknik catat. Dene instrumen panlitene yaiku penlitir, leptom, lan piranti kanggo nulis.

Analisis sing wis kelakon nuduhake asil panliten. Asil panlitene yaiku adicara Ndoro Bei nggunakake teori prinsip kerjasama dening Grice lan nduweni sipat humor miturut Danandjaja. Prinsip kerjasamane yaiku ana maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi lan maksim cara. Dene sipat humor iku cacahé ana wolu yaiku ngemu kejutan, bisa ngecoh wong liya, nglanggar tabu, nampilake sing aneh-aneh, ora nalar, kontradiktif karo kedadeyan, nggodha, lan nduwe arti luwih saka siji.

Tembung wigati: Prinsip Kerjasama, sipathumor, adicara Ndoro Bei

PURWAKA

LELANDHESAN PANLITEN

Cecaturan iku pakaryan sing nduweni *dimensi sosial*. Kaya umume pakaryan-pakaryan sosial liyane, cecaturan bisa kaleksanan kanthi becik yen para peserta pacaturan kabeh *terlibat aktif* sajrone pacaturan (Nasihah, 2015:1). Yen ana salah siji pihak ora terlibat aktif sajrone pacaturan, bisa dipesthakake yen peristiwa tutur kasebut ora bisa kaleksanan kanthi lancar. Mula saka iku, supaya proses komunikasi antarane panutur lan mitra tutur kaleksanan kanthi becik lan lancar, mula kalorone kudu padha-padha kerjasama. Tegese supaya lawan tutur bisa paham maksud (*implikatur*) sawijine tuturan sing diandharake dening panutur, senajan maksud saka tuturan ora diandharake kanthi eksplisit.

Pangecakane basa ora bisa uwal saka aturan-aturan sing kudu digatekake dening panganggone, kanthi lisan apa tulisan. Ing pragmatik ana rong prinsip sing ngatur tuturan yaiku prinsip kerjasama lan prinsip sopan

santun. Prinsip kerjasama iku prinsip sing ngatur supaya komunikasi bisa efektif. Bab iki ditujokake supaya panutur lan mitra tutur nangkep kanthi cetha apa sing disampekake panutur.

Hakekaté humor yaiku penyimpangan aspek panganggone basa kanggo nuwuhake lelucon sing nggawe pamirenge ngguyu. Sawijine pelawak wajib ngucapake tuturan-tuturan sing nggawe pamirenge ngguyu. Bab iku kanthi sadhar apa ora nggunakake diksi lan ungkapan sing narik kawigaten lan ora mbosenake. Para pelawak diwajibake bisa nglipur pamiyarsa lan nuwuhake rasa humor (mesem, ngguyu, seneng). Dhagelan tuwuh amarga anane manipulasi unsur-unsur basa tartamtu, sing dilakoni kanthi *verbal* utawa *acuan* tartamtu.

Basa dhagelan sengaja diciptakake dening peserta tutur kanggo ngadohi rasa kaku sajrone konteks cecaturan sing dilakoni. Tuwuhe rasa lucu amarga peserta tutur kanthi sengaja nyampekake tuturan sing nyimpang saka tuturan komunikasi sing serius. Kanthi anane

penyimpangan-penyimpangan kasebut, sawijine tuturan sing diandharake nglanggar prinsip-prinsip normatif cecaturan. Bab iki ditindakake kanthi ancas supaya nyalahake kekarepan mitra tutur saengga tuwuh swasana lucu sajrone cecaturan sing bisa nyenengake para pamireng.

Panggunane basa sing ana nggunakake prinsip kerjasama ing masyarakat ana ing maneka warna bab kauripan. Salah sijine ditemokake sajrone lawakan sing ana ing adicara guyanan. Salah siji acara panglipur ing TV yaiku adicara Ngoro Bei sing sabanjure dadi objek panliten iki. Miturut Wijana (2003), yen sajrone sawijine cecaturan (dhialog), kerep ana panutur sing ora ngandharake maksud tuturane kanthi langsung. Bab sing arep diandharake malah disingidake kanthi ora langsung, utawa malah sing dituturake iku ora padha karo maksud tuturane.

Anane tuturan-tuturan sajrone tayangan Ngoro Bei ing JTV nuduhake anane pakaryan komunikasi antarane panutur lan mitra tutur. Sajrone komunikasi, kadhang mitra tutur nanggepi utawa menehi pitakon sing ora salaras utawa ora *relevan* karo topik pacaturan sing dimaksud dening panutur. Saliyane iku, ana peserta tutur sing menehi tanggapan utawa wangsulan sing luwih, menehi informasi sing ora bener utawa ora adhedhasar *fakta*, lan uga menehi informasi sing ambigu. Bab iku nggambarake fenomena prinsip kerjasama sing ana ing adicara Ngoro Bei ing JTV.

Saliyane anane fenomena prinsip kerjasama, ing adicara Ngoro Bei uga nduweni sipat humor amarga tayangan iki dhasare dhagelan. Dhagelan sing ditampilake kanthi crita sabendinan. Maneka warna gaya dhagelan sing ditindakake dening peserta tutur, ana sing nggodha, ana sing ora nalar, ana sing ambigu, ana sing ngemu kejutan, ana sing nglanggar tabu, nampilake sing aneh-aneh, bisa ngecoh wong liya, ana sing dolanan tetembungan, lan liya-liyane.

Fenomena kabasan iki mesthi wae narik kawigaten panulis supaya bisa nambah wawasan linguistik. Bab iki narik panulis ngliti bab wujud prinsip kerjasama lan uga sipat humor apa wae sing dienggo dening peserta tutur. Sesambungan karo bab kasebut, panulis menehi judhul panliten iki salaras karo objek lan bahan panliten yaiku Prinsip Kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei ing JTV.

UNDERANE PANLITEN

Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur kasebut, mula punjere panliten kang bakal diteliti yaiku:

- 1) Kepriye wujud prinsip kerjasamane adicara Ngoro Bei ing JTV?
- 2) Kepriye sipat humor sing ana ing adicara Ngoro Bei ing JTV?

ANCASE PANLITEN

Adhehasar undherane panliten kasebut tujuwan panliten iki yaiku:

- (1) Njlentrehake kepriye wujud prinsip kerjasamane adicara Ngoro Bei ing JTV.
- (2) Njlentrehake kepriye sipat humor sing ana ing adicara Ngoro Bei ing JTV.

PAEDAHE PANLITEN

Paedahe panliten iki diperang dadi loro yaiku paedah teoritis lan paedah praktis. Dene jlentrehane kaya mangkene.

- 1) Kanthi Teoretis

Asile panliten iki dikarepake bisa nambah cacahé panliten basa ing bidhang linguistik, mligine pragmatik, yaiku mangerteni wujudé prinsip kerjasama lan sipat humor sing ana ing adicara drama semi humor kaya mangkono.

- 2) Kanthi Praktis

Asile panliten iki dikarepake bisa dadi salah siji bahan referensi babagan prinsip kerjasama sing ana ing adicara Ngoro Bei. Panliten iki dikarepake bisa gawe paham cecaturan antarane paraga adicara supaya nyiptakake tujuan *komunikasi*, yaiku *komunikasi* sing *komunikatif*. *Komunikasi* sing komunikatif iku adhedhasar teori prinsip kerjasama kanthi sejumlah maksim-maksime, yaiku maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, lan maksim cara.

PANJLENTREHANE TEMBUNG

Sajrone panliten ilmiah, definisi operasional nduweni teges kang wigati banget amarga isine minangka katrangan ngenani tetembungan kang digawe sajrone panliten lan ora arang tembung kang ora dingerteni pamaca. Adhedhasar saka kahanan iki mau mula bakal dijlentrehake panjlentrehane tembung antarane yaiku:

- (1) Pragmatik yaiku kajian bab sesambungan antar basa banjur pangerten tumrap konteks kang wigati supaya bisa nggunakake basa kanthi trep uga nemtokake teges kanthi trep.
- (2) Prinsip kerjasama yaiku sawijine prinsip sing ngatur kerjasama ing antarane panutur lan mitra tutur sajrone komunikasi.
- (3) Maksim yaiku pranyatan sing ringkes sing ngemu ajaran lan bebener.
- (4) Humor iku sarana paling becik kanggo ngetokake uneg-uneg. Humor iku cara nuwuhake sawijine pikiran, tetembungan (*verbal*) utawa bab liya sing nggambarake sawijine ajakan sing nuwuhake rasa *simpati* lan panglipur. Mula saka iku humor mbutuhake sawijine proses pamikiran.

- (5) Adicara Ngoro Bei yaiku salah sawijine adicara ing TV sing nyiarake bab lelucon. Ngoro Bei iki disiara ing salah siji stasiun TV sing ana ing Jawa Timur yaiku JTV (Jawa Pos Televisi). Akeh adicara lucu sing ana ing JTV amarga basa umume yaiku nganggo basa Jawa Surabayan sing akeh-akehe rada kasar. Adicara Ngoro Bei iki ora mung siji-sijine adicara ing JTV sing nyiarake seni drama lelucon

TINTINGAN KAPUSTAKAN

PANLITEN KANG SAEMPER

Panliten kapisan dening Putri Novita Sari. Pepadhane panlitene Putri karo panliten iki yaiku padha-padha ngrembug bab wacana humor sing dikaji kanthi ilmu pragmatik. Bedane yaiku panlitene Putri Novita sari nganggo dhata tulis, dene panliten iki nggunakake dhata saka CD sing ditranskripsekake. Saliyane iku, prabedan panliten uga ana ing bab perkara sing dikaji, panliten iki ngrembug bab prinsip kerjasama lan sipat humor sing ana ing dhata sing ora dibahas ing panliten Putri Novita sari.

Panliten kapindho dening Sri Maryati. Pepadhane panliten iki karo panliten duweke Sri Maryati yaiku padha-padha ngandharake prinsip kerjasama. Bedane karo panliten iki yaiku panlitene Sri Maryati dijentrehake sekalian karo fungsine penyimpangan prinsip kasebut, dene panliten iki ora.

Panliten katelu dening Ardian Kurnianto. Pepadhane panlitene Ardian karo panliten iki yaiku ana ing dhata sing dienggo yaiku padha-padha nganggo wacana humor. Panlitene Ardian nggunakake dhagelan Kirun lan Sandirana, dene panliten iki nggunakake adicara Ngoro Bei uga minangka adicara drama semi dhagelan sing disiara ing tv. Pepadhane maneh yaiku masalah sing diangkat ing panliten yaiku bab prinsip kerjasama. Panliten iki ngandharake lan nyethakake kepriye wujud prinsip kerjasama, dene panlitene Ardian ngandharake wujud prinsip kerjasama sapenyimpangane lan prinsip kesopanan sapenyimpangane uga. Prabedane maneh yaiku panliten iki ngandharake sipat humor sing ana ing dhata panliten, dene panlitene Ardian Kurnianto ora ana babar pisan.

Panliten kapapat dening Desy Indah Wulandari. Pepadhane panliten iki karo panlitene Desy yaiku nggunakake prinsip kerjasama, nanging panliten iki nggunakake penyimpangane. Prabedane iku ana ing dhata sing dienggo. Panliten iki nggunakake dhata lisan, dene duweke Desy nggunakake dhata tulis sing dijupuk saka kalawarta Panjekar Semangat.

Panliten pungkasan dening Nurizal Widodo. Pepadhane panlitene Nurizal Widodo karo panliten iki yaiku ana ing prinsip kerjasama, senajan prinsip kerjasama sing ana ing panlitene Nurizal Widodo iku

mung perangan saka basa humor nanging dheweke uga ngandharake penyimpangane. Saliyane iku uga padha ing bab dhata, padha-padha nganggo dhata lisan sing ditranskripsekake.

Kalima panliten ing ndhuwur yen dibandhingake karo panliten iki cetha ora padha. Ana sing memper siji yaiku panlitene Desy Indah Wulandari taun 2016 kanthi irah-irahan *Maksim Kerjasama sajrone Basa Humor Glanggang Remaja Panjekar Semangat Taun 2016* bedane yaiku panliten iki niti prinsip kerjasama nganggo dhata lisan, dene panlitene Desy nganggo dhata tulis.

TINDAK TUTUR

Miturut Austin (sajrone Ibrahim, 1993:106) tuturan iku ora pitakonan ngenani informasi tartamtu, nanging tuturan iku tumindak (actions). Bisa diarani yen nuturake samubarang iku panutur nindakake pakaryan. Bab iki bisa diarani yen tindak tutur iku pakaryan sing dilakoni panutur sajrone micara.

HUMOR MINANGKA TINDAK PERLOKUSI

Humor iku bisa diarani tindak perlokusi amarga peserta tuturan iku ora mung wong siji, kudu ditindakake dening panutur lan mitra tutur. Saliyane iku, humor uga menehi pangaribawa tumrap mitra tutur utawa minangka pamireng pakaryan ndhagel iku mau.

PRINSIP KERJASAMA

Grice (sajrone Wijana 1996:45) ngandharake yen sawijine cecaturan umume mbutuhake kerjasama antarane panutur lan mitra tutur supaya bisa nggayuh tujuwan sing dikarepake. Prinsip sing ngatur kerjasama antarane panutur lan mitra tutur sajrone cecaturan iku diarani prinsip kerjasama (*cooperative principle*). Wektu nindakake prinsip kerjasama, saben panutur kudu manut patang maksim cecaturan (*conversational maxim*), yaiku maksim kuantitas (*maxim of quantity*), maksim kualitas (*maxim of quality*), maksim relevansi (*maxim of relevance*), lan maksim pelaksanaan (*maxim of manner*).

ADICARA NGORO BEI

Adicara Ngoro Bei iku salah sawijine adicara ing TV sing nyiarake bab lelucon. Ngoro Bei iki disiara ing salah siji stasiun TV sing ana ing Jawa Timur yaiku JTV (Jawa Pos Televisi). Akeh adicara lucu sing ana ing JTV amarga basa umume yaiku nganggo basa Jawa Surabayan sing akeh-akehe rada kasar. Adicara Ngoro Bei iki ora mung siji-sijine adicara ing JTV sing nyiarake seni drama lelucon nganggo basa Jawa.

PRAGMATIK

Miturut Maryati (2012:12), Pragmatik wiwit ngrembaka sajrone kajian linguistik ing taun 1970-an. Anane pragmatik iki amarga anane rasa ora puas tumrap kaum strukturalis sing mung nliiti basa saka wujud, tanpa nenimbang yen satuwan-satuwan kabasan iku sebenere ana sajrone konteks sing asipat lingual lan uga extralingual. Amarga ora nggatekake konteks tuturan iku nyebabake kaum strukturalis ora bisa ngandharake maneka perkara kabasan, ing antarane yaiku perkara ukara anomali.

LANDHESAN TEORI

Teori sing digunakake yaiku teori prinsip kerjasama dening Grice (sajrone Wijana 1996:45) ing antarane yaiku maksim kuantitas (*maxim of quantity*), maksim kualitas (*maxim of quality*), maksim relevansi (*maxim of relevance*), lan maksim pelaksanaan (*maxim of manner*).

Sawijine bab bisa diarani humor yen nduweni titikan lan sipat tartamtu. Miturut Danandjaja (2004:38), sipat-sipat sing marakake pamireng gumuyu yaiku 1) ngemu kejutan amarga ngomongake tetembungan sing ora pantes tumrap adat; 2) bisa ngecoh wong liya; 3) nglanggar tabu yaiku ngomongake tetembungan sing ora pantes; 4) nampilake sing aneh-aneh; 5) ora nalar; 6) kontradiktif karo kedadeyan; 7) nggodha; lan 8) nduwe arti luwih saka siji tumrap sawijine tembung sing lumrahe ana ing humor teka-teki sing asipat dolanan tetembungan.

METODHE PANLITEN

Ancangan kang digunakake sajrone panliten iki asipat *dheskriptif*. Panliten iki nggunakake jinis *kualitataif*. Panliten *kualitatif* yaiku prosedur panliten sing ngasilake dhata dheskriptif arupa tembung-tembung katulis utawa lisan saka wong-wong lan perilaku kang bisa dideleng (Bodgan lan Tailor sajrone Moleong, 2012:4).

Panliten ngenani Prinsip Kerjasama sajrone adicara Ngoro Bei iki kalebu panliten *kualitatif*. Bisa diarani *kualitatif* amarga kanggo panliten iki digambarake kanthi apa anane. Asile sumber dhata kanggo nliiti penyimpangan prinsip kerjasama sajrone adicara Ngoro Bei iki arupa asile observasi utawa pengamatan kaset VCD adicara Ngoro Bei. Tembung-tembung sing diasilake dening panutur, paraga adicara Ngoro Bei, bakal diolah ing panliten iki.

SUMBER DHATA LAN DHATA

Sumber dhata *primer* yaiku sumber dhata sing asale saka objek kang diteliti. Sumber dhata primer saka panliten iki yaiku VCD adicara Ngoro Bei.

Dhata sing ana sajrone objek panliten prinsip kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei yaiku arupa tuturan antarane Ndara, Mantri, rewange Ndara, Hansip, lan bintang tamu sing ana ing segmen adicara iku sing nggunakake basa Jawa Surabayan.

No.	Judhul	Kaca	Katrangan
1.	Dhalang Import	1, 2, 3, ...	(DI-k1), (DI-k2), (DI-k3), ...
2.	Reuni Mantan	21, 22, 23, ...	(RM-k21), (RM-k22), (RM-k3), ...
3.	Nggenteni Angpau	31, 32, 33, ...	(NA-k1), (NA-k2), (NA-k3), ...
4.	Salah Tampa	41,42, 43, ...	(ST-k1), (ST-k2), (ST-k3), ...

Akeh judhul sing ditampilake ing Adicara Ndara Bei, nanging panulis njupuk patang judhul kasebut. Panulis milih patang judhul ing ndhuwur amarga patang episode saka Adicara Ndara Bei iki wis nyukupi kanggo nggolek dhata sing dibutuhake. Mula saka iku patang judhul iku ora kurang utawa ora luwih kanggo njangkepi sarat dumasane panliten iki.

INSTRUMEN PANLITEN

Miturut Arikunto (2013:101) instrumen yaiku alat bantu sing dipilih lan digunakake panliti kanggo nglumpukake dhata supaya gampang lan semantis. Panliten iki nggunakake instrumen panliten yaiku:

(1) Panliti

Panliti yaiku wong kang nliiti panliten kasebut, panliti minangka instrumen kang utama amarga panliti kasebut sing mangerteni perkara sing arep digoleki. Kayata: nggawe irah-irahan, nggawe lelandhesan panliten, nggawe undherane panliten, lan nggawe proposal panliten.

(2) Leptop

Leptop minangka salah siji piranti kang digawe nggarap sumber dhata sing awujud kaset VCD adicara Ngoro Bei.

(3) Piranti kanggo nulis

Piranti kanggo nulis kang digawe nulis bab-bab sing diperlokake. Piranti kanggo nulis minangka instrumen panyengkuyung.

TATA CARA PANLITEN

Panliten iki nggunakake telung cara panliten yaiku (1) tata cara ngumpulake dhata, (2) tata cara njlentrehake dhata, (3) tata cara ngandharake dhata (Sudaryanto, 1986:62 lan 1998:2-9). Metodhe semak yaiku metodhe sing digunakake kanthi cara nyemak panggunane basa. Teknik catat yaiku teknik lanjutan nalika sing ditindakake nerapake metodhe semak.

TATA CARA NGLUMPUKAKE DHATA

Sajrone panliten kualitatif, teknik ngumpulake dhata kang utama yaiku teknik dokumentasi. Teknik dokumentasi yaiku teknik panliten kanthi nggoleki dhata-dhata ngenani bab-bab sing arupa catheta, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, lengger, agenda, lan liya-liyane (Arikunto, sajrone Widyarini 2013:24)

Teknik dokumentasi iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani dhata-dhata kang salaras karo panliten iki. Saengga dhata kang ana bisa luwih dipercaya. Dokumen kang ana yaiku arupa tuturan sing ana ing adicara Ngoro Bei kang nggunakake basa Jawa. Kanthi nggunakake piranti laptop lan alat tulis, panliti nranskrip dhata lan menehi cathetan. Cathet yaiku nulis samubarang kang dianggep wigat lan ana sambung rakete karo panliten kang ditindakake. Sajrone panliten iki kang wigati yaiku milah-milah dhata, tetembungan kang digunakake, bab-bab kang durung dingerteni, lan wektu sajrone tuturan.

TATA CARA NJLENTREHAKE DHATA

Tata carane njlentrehake dhata nggunakake teknik Dhata sing wis ana banjur ditranskripsi lan diklasifikasi. Sekabehe korpus dhata diklompok-kompokake miturut wujud prinsip kerjasama lan sipat humor kang ditemokake cecaturane. Tuladhane:

Ndara : aja nganti awake dhewe saiki nyambut gawe dikeki pira-pira terus ngresula ki gak oleh.

(jangan sampai kita bekerja dikasih berapa pun masih mengeluh itu tidak boleh)

Hengki : boten. Kula boten ngaten Ndara. Wong kula niki nggih manut kalih njenengan.

(tidak. Saya tidak begitu, Ndara. Saya ini sudah menuruti Anda.

Ndara : lha iya.

(o iya)

Hengki : pinten-pinten nggih kula tampi. Sok-sok nek boten cocok nggih kula takokne..

(berapa pun ya saya terima. Kalau nantinya tidak cocok ya saya tanyakan.)

Pethikan cecaturane Ndara karo Hengki ing ndhuwur bisa nggawe pamirsa ngguyu amarga anane penyimpangan prinsip kerjasama mligine maksim relevansi. Wangsulane Hengki sing kapindho yaiku “sok-sok nek boten cocok nggih kula takokne” iku sing marakna lucu.

TRANSKRIPSI DHATA

Transkripsi dhata iki gegayutan karo nulis sekabehe dhata kang wis ditemokake, kanthi transkripsi. Dhata kang ditemokake kanthi metodhe nyemak marang sumber dhata kang wis ditemokake lan nggunakake teknik cathet ditulis apa anane. Tujuwan transkripsi dhata kanggo meruhi sepira akehe dhata kang wis dikumpulake.

KLASIFIKASI DHATA

Sawise nindakake tahap transkripsi awujud tulisan, banjur diterusake nggunakake tahap klasifikasi dhata. Dhata kang wis dipilih sajrone transkripsi dhata banjur diklasifikasekake adhedhasar punjere panliten. *Pengklasifikasian* dhata ditindakake kanthi nglasifikasi tembung utawa ukara kang ngandhut wujud penyimpangan prinsip kerjasama. *Pengklasifikasian korpus* dhata adhedhasar jinis tindak tuture diandharake ing tabel kasebut.

TATA CARA NYUGUHAKE ASIL JLENTREHANE DHATA

Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata ing panliten iki kanthi cara nggolongake tuturan kang kalebu jinis-jinese prinsip kerjasama. Dhata sing wis dijlentrehake diandharake kabeh awujud laporan katulis. Tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata ana loro yaiku kanthi cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:145).

Nyuguhake dhata kanthi cara formal yaiku kanthi cara nyuguhake dhata kanthi nggunakake angka-angka lan kanthi cara nyuguhake dhata arupa tembung-tembung kang bisa dipahami lan dingerteni saben pamaca kang maca asile panliten.

ANDHARAN ASILE PANLITEN

WUJUD PRINSIP KERJASAMA SAJRONE ADICARA NDORO BEI

Andharan sajrone panliten iki nggunakake prinsip Kerjasama Grice. Prinsip kasebut minangka punjer anggane nintingi saperangan tuladha basa humor kang ditindakake sajrone adicara Ngoro Bei ing JTV. Dhata-dhata sing wis dipilih banjur diandharake lan dijlentrehake adhedhasar jinise. Dhata sing sumbere kabeh saka tuturan paraga adicara Ngoro Bei ing JTV bakal diandharake lan dijlentrehake siji mbaka siji.

Penyimpangan prinsip Kerjasama Grice iki mujudake gegambaran pacaturan antarane paraga pacaturan, mligine sing dadi objek panliten yaiku adicara Ngoro Bei kanthi judhul Dhalang Import, Reuni Mantan, Ngenteni Angpau, lan Salah Tampa. Prinsip Kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei kaperang dadi papat, yaiku:

MAKSIM KUANTITAS

Maksim kuantitas ngarepake saben paraga pacaturan menahi kontribusi sing saperlune utawa sacukupe sing dibutuhake deneng mitra tuture (Wijana lan Rohmadi, 2009:42). Ing maksim kuantitas, informasi sing diwenehake kudu wajar, ora sithik nemen lan ora akeh nemen, informasi kasebut kudu salaras karo kontribusi sing dibutuhake lan ora luwih-luwih sajrone menahi informasi. Tuladhane pacaturan sing kalebu maksim kuantitas kaya mangkene

- (1) Konteks : Ndara kepengin wayang sing mengko arep ditanggap, bakal dideleh ing ngarepe pengrawit campursari.
(Ndara ingin wayang yang nantinya ditampilkan akan diletakkan di depan pengrawit campursari.)

Ndara : dadi dikeki wayang. Ki diencepi wayang bocah iki maeng. Dadi ndhase diencepi wayang ngene..
(jadi diberi wayang. Ini ditancapi wayang anak ini tadi. Jad kepalanya ditancapi wayang seperti ini.)

Hengki : riyin toh, Ndara. Cah semono kehe diencepi wayang iku terus...
(sebebtar, Ndara. Anak segitu banyaknya ditancapi wayang itu terus..)

Ndara : maksute ngarepe i lho dikeki wayang..
(maksudnya depannya itu diberi wayang)

Hengki : oo ngajenge, nggih.
(oo depannya, iya)

(DI, k166)

Pacaturan (DI, k166) ing ndhuwur kalebu maksim kuantitas amarga Ndara kakehan menahi kontribusi. Kontribusi sing ora saperlune mau katon ing tuturan “dadi dikeki wayang. Ki diencepi wayang bocah iki maeng. Dadi ndhase diencepi wayang ngene..”. Ndara mung nduwe maksud yen ing ngarepe grup campursarine Ngoro Bei iku arep diwenehi wayang utawa bisa diarani arep diwenehi papan kanggo pagelaran wayang. Nanging

Precil (Ndara) nglakoni tugase minangka pelawak nggawe lelucon ing pacaturan iki dheweke nyimpangake maksim kuantitas.

MAKSIM KUALITAS

Maksim kualitas iki majibake saben paraga pacaturan supaya ngomongake bab adhedhasar bukti-bukti sing ana (Wijana lan Rohmadi, 2009:42). Mula aja ngomongake bab sing ora bener utawa apus-apus, manipulasi fakta, lan ngomongake bab sing ora salaras karo kanyatan. Tuladha tuturan kalebu maksim kualitas sajrone adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (2) Konteks : Hengki takon marang Dauk apa nduwe kenalan dhalang sing pas karo kekarepane Ndara.
(Hengki bertanya kepada Dauk apakah punya kenalan dalang yang pas dengan permintaan Ndara.)

Dauk : oalah. Dhalang wayang toh. Uakeh.

(oalah. Dalang wayang. Banyak.)

Hengki : ngerti kenalan
(tahu kenalan)

Dauk : gak.
(nggak)

Hengki : piye toh awakmu ki?
(bagaimana sih kamu ini)

Dauk : ngerti ngerti. Wis toh meloka aku!

(tahu tahu. Sudah lah ikut aku!)

(DI, k172)

Pacaturan (DI, k172) ing ndhuwur kalebu maksim kualitas amarga Dauk ora ngucapake sing sabenere. Asline Dauk nduwe kenalan dhalang, nanging Dauk nglakoni tugase minangka pelawak nggawe lelucon ing pacaturan iki dheweke nyimpangake maksim kualitas. Upama Dauk langsung mangsuli kanthi tembung “ngerti” ora bakal nyimpanganke maksim kualitas amarga dheweke njawab sabenere salaras karo kanyatan.

MAKSIM RELEVANSI

Maksim relevansi majibake saben paraga pacaturan menahi kontribusi sing relevan karo bab pacaturan. (Wijana lan Rohmadi, 2009:46). Tegese aja menahi informasi sing ora sambung akro bab sing diomongake, kakehan basa-basi, sarta kakehan guyon. Tuladha tuturan sing kalebu maksim relevansi sajrone adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

(3) Konteks : Hengki menehi badhekan marang Ndara, nanging Ndara ora bisa mangsuli.
(Hengki memberi tebakan kepada Ndara, tetapi Ndara tidak bisa menjawab.)

Hengki : njenengan upama liwat tengahe alas , lha tengahe alas niku udan duweres, njenengan liwat pundi ben gak kudanan?
(misalkan Anda lewat tengah hutan, tengah hutan itu sedang hujan deras, Anda lewat mana supaya tidak kehujanan?)

Ndara : ya, ben gak kudanan nggae payung mas.
(biar tidak kehujanan pakai payung, Mas.)

Hengki : aa ora enek payung pasan.
(tidak ada payanng waktu itu.)

Ndara : ya godhong
(ya daun.)

(DI, k164)

Sajrone pacaturan (DI, k164) ing ndhuwur tuturane Ndara nyimpang saka maksim relevansi amarga ora sambung saka topik pacaturan. Kontribusi sing disumbangake sajrone tuturane Ndara ora relevan karo tuturane Hengki. Hengki nakonake yen upama liwat tengah alas, tengahe alas iku udan deres, Ndara bakal liwat ngendi supaya ora kudanan. Nanging Ndara mangsuli “ya, ben gak kudanan nggae payung mas.” sing ora sambung. Ndara ngomongake supaya ora kudanan iku nganggo payung, dene sing dikarepake Hengki iku Ndara bakal liwat ngendi yen tengah alas iku deres.

MAKSIM CARA

Maksim cara majibake saben paraga pacaturan ngomong kanthi langsung, ora ngglambyar, ora taksa, lan ora mbulet lan runtut (Wijana lan Rohmadi, 2009:47). Aja ngomongake bab sing ngglambyar utawa ora cetha, ambigu, sarta ora langsung lan ora runtut. Tuladha tuturan sing kalebu maksim cara sajrone adicara Ndoro Bei ing JTV kaya mangkene.

(4) Konteks : Ndara menehi pitakon sing ora cetha marang Hengki.

(Ndara memberi pertanyaan yang tidak jelas kepada Hengki.)

Ndara : haha.. ya ya.. ra masalah, ra masalah, ra masalah. Rame saiki mas?

(haha, iya iya, nggak masalah, nggak masalah. Rame sekarang, Mas?)

Hengki : kula?
(saya?)

Ndara : ha a?
(iya.)

Hengki : nggih sepen.
(ya sepi.)

(DI, k162)

Sajrone pacaturan (DI, k162) ing ndhuwur tuturane Ndara nyimpang saka maksim cara amarga menehi kontribusi sing ora cetha. Ndara ngomongake bab sing ora cetha kanthi ngomong “haha.. ya ya.. ra masalah, ra masalah, ra masalah. Rame saiki mas?”. Ora cethane tuturan iku ana ing pitakone “rame saiki, Mas?” apa sing rame? Kamangka sadurunge ngomongake tuturan kasebut kalorone ngomongake gaji sing ditampa dening Hengki minangka Mantrine Ndara. Tibake sing dimaksud Ndara iku rame tanggapane. Tanggapan sing dimaksud yaiku tanggapane Hengki sajabane peran dadi Mantri ing adicara Ndoro Bei. Mula pacaturan kasebut kalebu maksim cara.

SIPAT HUMOR SAJRONE ADICARA NDORO BEI

Sawijine bab bisa diarani humor yen nduweni titikan lan sipat tartamtu. Miturut Danandjaja (2004:38), titikane humor yaiku 1) awujud tulis utawa lisan sing wis ditranskripsi awujud tulisan; 2) duwe bebarengan; 3) lumrahe anonim; 4) aktual kedaden ing masyarakat ing wayah tartamtu; 5) dadakan lan polos; lan 6) dadi fungsi ing kauripan masyarakat. Sipat-sipat sing marakake pamireng gumuyu yaiku 1) ngemu kejutan amarga ngomongake tetembungan sing ora pantes tumrap adat; 2) bisa ngecoh wong liya; 3) nglanggar tabu yaiku ngomongake tetembungan sing ora pantes; 4) nampilake sing aneh-aneh; 5) ora nalar; 6) kontradiktif karo kedadeyan; 7) nggodha; lan 8) nduwe arti luwih saka siji tumrap sawijine tembung sing lumrahe ana ing humor teka-teki sing asipat dolanan tetembungan.

NGEMU KEJUTAN

Sipat humor sing ngemu kejutan sing dimaksud ing kene yaiku amarga ngomongake tetembungan sing

ora pantes tumrap adat. Bisa wae ngemu kejutan amarga salah siji paraga ngenyek paraga pacaturan liyane, utawa apa wae sing bisa nggawe pamireng ngguyu. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (5) Konteks : Ndara kepengin ana panglipur liyane campursari yaiku wayang kulit.
(Ndara ingin ada hiburan lain selain campursari yaitu wayang kulit.)

Hengki : woo.. dadi njenengan pengen refreshing ganti suasana..
(oo jadi Anda ingin refreshing ganti suasana)

Ndara : ganti suasana.
(ganti suasana)

Hengki : oo kados ngoten niku.
(seperti itu)

Ndara : dadi dikeki wayang. Ki diencepi wayang bocah iki maeng. Dadi ndhase diencepi wayang ngene..
(jadi diberi wayang. Ini ditancapi wayang anak ini tadi. Jadi kepalanya ditancapi wayang begini.)

(DI, k261)

Pacaturan (DI, k261) kalebu sipat humor sing kapisan yaiku ngemu kejutan amarga tuturane Ndara “dadi dikeki wayang. Ki diencepi wayang bocah iki maeng. Dadi ndhase diencepi wayang ngene..”. Ndara iku kepengin ana hiburan liya liyane campursari. Nanging Percil minangka Ndara menehi guyonan ngemu kejutan kanthi omongan sing lumayan ekstrim yaiku arep ngencepake wayang sing umume diencepake ing debog ing sirahe pengrawit campursari. Kabeh ngerti yen omongane Ndara iku ora temenan amarga iku kalebu nyilakani wong. Mula bab iku cukup ngejutake pamirenge.

BISA NGECOH WONG LIYA

Sipat humor sing bisa ngecoh wong liya sing dimaksud ing kene yaiku tuturan sing diucapake dening paraga pacaturan iku ora disangka dening pamiyarsane. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (6) Konteks : Ndara menehi badhekan marang Hengki nanging Hengki ora bisa mangsuli.
(Ndara memberi tebakan kepada hengki tetapi Hengki tidak bisa menjawab.)

Ndara : cengokmu nggen ngene ki. Udan-udan kok mangan mie ngombe kopi.

(tololmu di sini. Hujan-hujan kok makan mie minum kopi.)

Hengki : seger Ndara, anget-anget. Mie sik anget, kopine anget, cocok saestu.

(segar Ndara, hangat hangat. Mie masih hangat, kopinya hangat, cocok sekali.)

Ndara : udan-udan iku enake ngiyup, Mas. Sampean lek udan-udan trus ngombe kopi mangan mie i lo, ya toh.

(hujan-hujan itu enaknya berteduh, Mas. Kamu kalau hujan-hujan terus minum kopi makan mie.)

(DI, k163)

Pacaturan (DI, k163) iki kalebu ngecoh wong liya. Ndara menehi badhekan marang Hengki wayah udan iku enake lapo. Akeh wong mesthi njawabe mangan sing anget-anget. Yen Hengki mangsuli mangan mie lan kopi sing sik anget. Nanging wangsulane Hengki disalahi karo Ndara. Wangsulane sing bener yaiku ngiyup. Wangsulane iku cukup ngecoh wong liya amarga anggepane Ndara karo wong liya iku beda. Anggepane wong liya mesthi lagi ing njero omah, dene anggepane Ndara iku wektu ing njaba omah mula enake ngiyup.

NGLANGGAR TABU

Sipat humor sing nglanggar tabu sing dimaksud ing kene yaiku tuturan sing diucapake dening paraga pacaturan ora pantes diomongake amarga saru. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (7) Konteks : Probo lagi nyinauni bocah cilik nembang. Ing kono uga ana Hengki lan Ndara sing ngawasi.

(Probo sedang melatih anak kecil nembang. Di sana juga ada Hengki dan Ndara yang melihat.)

Probo : iki anake tangga tak latih nyanyi.

(inii anak tetangga saya latih menyanyi.)

Hengki : oalah mbuk ajari kesenian?

(oalah kamu ajari kesenian?)

Ndara : diajari kesenian suk lek gedhi dadi maling, ngono lho.
(diajari kesenian nanti kalau sudah besar jadi maling, begitu lho.)

(DI, k167)

Pacaturan (DI, k167) kalebu nglanggar tabu. Ing omahe Ndara, Probo ngajak bocah cilik arep dilatih nyanyi. Ndara mangsuli kanthi ora nggenah “diajari kesenian suk lek gedhi dadi maling, ngono lho.” Mesthine wong nek diajar nyanyi pengene dadi penyanyi paling ora bisa nyanyi. Nanging karo Ndara bab iku digawe guyonan. Geneya kok diarani nglanggar tabu amarga saru ing kono ana bocah cilik. Mengko bisa ditirokake.

NAMPILAKE SING ANEH-ANEH

Sipat humor sing nampilake aneh-aneh sing dimaksud ing kene yaiku tindak-tanduke paraga paaturan sing aneh utawa durung tau dingerteni wong liya. Tuladha saka tuturan adicara Ndoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (8) Konteks : Probo lagi nyinauni bocah cilik nyanyi nanging bocahe ora gelem nirokake Probo. Saking suwene Ndara kesel banjur ngguyoni yen arep diantem.
(Probo sedang melatih anak kecil tetapi anak itu tidak mau menirukan Probo. Saking lamanya Ndara geregetan lalu bercanda akan melempari anak itu.)

Ndara : oo arep dadi penyanyi.

(oo mau jadi penyanyi.)

Probo : dheke iku isa. Jaranan jaranan jarane..

(kamu itu bisa. Jaranan jaranan jarane.)

Ndara : hayoh gak nyanyi tak antemi lho hayoh.

(hayo nggak nyanyi aku lempar lho.)

(DI, k168)

Pacaturan (DI, k168) kalebu nampilake sing aneh-aneh. Probo ngajak bocah cilik ing omahe Ndara banjur diwarahi nyanyi jaranan. Nanging bocahe ora gelem nirokake. Ndara bola-bali nyanyi nanging ora ditirokake maneh. Pungkasane Ndara gregeten karo ethok-ethok nggegeng tangan karo ngomong “hayoh gak nyanyi tak antemi lho hayoh.” Ndara nampilake sing aneh-aneh mosok kanthi ethok-ethok arep ngantemi bocah cilik sing jenenge Defin iku karo gedrug-gedrug lemah.

Ing novel *Kepanggang Wirang*, tumindak degsiya awujud fisik minangka krudung ireng utawa paraga Wirastri males wirang marang mantan bojone Joni Kismanto. Wirastri nantang adu karosan ora nantang adu kaculikan kaya Joni Kismanto. Dheweke nantang adu karosan amarga weruh yen gawe rekayasa dheweke karo Pradopo yaiku mantan bojone Joni Kismanto. Wirastri ora menehi Joni Kismanto kalodhangan. Bab iku bisa dedeleng ing pethikan ingg ngisor iki.

ORA NALAR

Sipat humor sing ora nalar sing dimaksud ing kene yaiku tuturan sing ora sambung tumrap pikirane manungsa. Niyate arep nggawe lelucon nanging ora kasil amarga carane ngomong ora cetha. Tuladha saka tuturan adicara Ndoro Bei ing JTV kaya mangkene.

- (9) Konteks : Hengki crita yen biyen wektu Dauk lara dicelukake ambulan banjur ora digawa menyang rumah sakit nanging menyang laut.
(Hengki cerita jika dulu waktu Dauk sakit dipanggilkan ambulan lalu bukannya dibawa ke rumah sakit malah dibawa ke laut.)

Hengki : lha winginane ya lara langsung tak kirim ambulan toh, Prob. Dadi Dauk lara ngerti, Dauk lara, ambulan teka.

(kemarin lusa juga sakit langsung aku kirim ambulan, Prob. Jadi Dauk sakit, ambulan datang.)

Probo : terus?

(lalu?)

Hengki : kowe digawa neng ngendi awakmu?

(kamu dibawa

kemana?)

Dauk : digawa neng laut mbuh ning ndi.

(dibawa ke laut entah

kemana)

Hengki : he. Ambulan kok nggawa neng laut iku lho.

(ambulan kok

membawa ke laut)

(DI, k171)

Pacaturan (DI, k171) kalebu ora nalar. Hengki nyritakake kenapa Dauk kok suwe ora tampil ing Ndrara Bei. Jarene Dauk lara banjur dicelukake Hengki ambulan. Ditakoni Hengki digawa ambulan menyang ngendi wangsulane Dauk “digawa neng laut mbuh ning ndi.” Wangsulane iku ora nalar amarga lumrahe wong lara iku digawa menyang rumah sakit. Utawa yen arep ndhagel kanthi konteks kaya mangkono mesthine wangsulane ya kudu ana sambungane karo wong lara utawa ambulan. Yen diwangsulane digawa ing laut miturutku ora nalar utawa ora sambung.

KONTRADIKTIF KARO KEDADEYAN

Sipat humor sing kontradiktif karo kedadeyan sing dimaksud ing kene yaiku tuturan sing diucapake ora salaras karo kanyatan utawa bisa diarani ngapusi. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

(10) Konteks : Dhalang ngomong nganggo basa Mandarin, banjur tuturan kapindho ngomong basa Jawa.

(Dalang berbicara dengan bahasa Mandarin, lalu tuturan selanjutnya berbicara bahasa Jawa.)

Dhalang : ni hau ma (ni hau ma)

Ndara : omahe sapa lha iki omahku dhewe. Omahe sing nduwe omah. Gak enek sing nduwe omah wonge.

(rumahnya siapa ini rumahku sendiri. Rumahnya yang punya rumah. Nggak ada yang punya rumah orangnya.)

Dhalang : kowe ki padha becik. (kalian semua apa

kabar?)

(DI, k177)

Pacaturan (DI, k177) kalebu kontradiktif karo kedadeyan. Wektu iku ana dhalang kongkonane Hengki supaya main ing acara Ngoro Bei. Ketepakan ing omah lagi ana Ndara. Dhalang iku keturunan cina, katon banget yen dideleng raine. Dhalang iku sering ditimbal Koh Mbun. Koh Mbun teka omahe Ndara banjur omongan nganggo basa Mandarin. Asline dheweke iku ya wong Jawa. Dheweke iku dhalang wayang kulit dudu wayang potehi. Ing pacaturan iku katon yen tuturane dhalang digawe kontradiktif. Pisanan omong nganggo basa Mandarn. Bacute mangsulane nganggo basa Jawa.

NGGODHA

Sipat humor sing nggodha ing kene maksude salah siji peserta tutur ngguyoni utawa nggawe isin salah siji peserta tutur liyane. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

(11) Konteks : Hengki diwenahi pitutur dening Ndara. Nanging Hengki ngguyoni pitutur iku mau. (Hengki diberi wejangan oleh Ndara. Tetapi Hengki mencandakan wejangan itu tadi.)

Ndara : aja nganti awake dhewe saiki nyambut gawe dikeki pira-pira terus ngresula ki gak oleh.

(jangan sampai diri kita sekarang bekerja untuk diberi berapapun terus mengeluh itu tidak boleh)

Hengki : boten. Kula boten ngaten Ngoro. Wong

kula niki nggih manut kalih njenengan.
(tidak. Saya tidak seperti itu Ngoro. Saya ini patuh dengan Anda)
Ndara : lha iya.
(iya)
Hengki : pinten-pinten nggih kula tampi. Sok-sok nek boten cocok nggih kula takokne..
(berapa pun ya saya terima. Kalau tidak sesuai ya saya tanyakan.)

(DI, k162)

Pacaturan (DI, k162) kalebu nggodha. Hengki lan Ndara lagi ngrembug bab kerjoan. Ndara menehi pepeling yen nyambut gawe iku sing ikhlas. Diwenehi pira-pira iku ya ditampa wae. Nanging Hengki mangsuli karo rada nyinggung “pinten-pinten nggih kula tampi. Sok-sok nek boten cocok nggih kula takokne..” Hengki nyemoni Ndara minangka bosen menawa gajine njaluk ditambah.

NDUWE ARTI LUWIH SAKA SIJI

Sipat humor sing nduwe arti luwih saka siji sing dimaksud ing kene yaiku tuturan sing diucapake nduwe teges luwih saka siji. Tuladha saka tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV kaya mangkene.

(12) Konteks : Ndara ngomong yen arep ngantem Dhalang nanging maksude iku ngantem dhuwit. Dhuwite ditransfer marang Dhalang.
(Ndara bilang jika akan melempar Dalang tetapi yang dimaksud adalah melempar uang. Uangnya ditransfer kepada Dalang.)

Dhalang : Mas, iki aku tetep njaluk DP. DP-ne kurang.
(Mas, ini aku tetap minta DP. DP-nya kurang.)

Ndara : wis toh, ngeten mawon, Pak. Anu, Pak Mbun, Pak Tejo. Mangke njenengan mlampah mpun kula antem.

(sudah lah, begini saja, Pak Anu, Pak Mbun, Pak Tejo. Nanti Anda jalan saya lempar.)

Dhalang : rumangsamu aku apa kok diantem.

(kamu kira aku ini apa kok dilempar.)

(DI, k183)

Pacaturan (DI, k183) kalebu sipat humor sing nduwe arti saka siji. Ndara kepenging nanggap dhalang ing adicara Ngoro Bei. Wis digolekake Hengki banjur dhalange dolan menyang omahe Ndara supaya nemoni Hengki. Ing kono ketemu karo Ndara dhewe. Dhalang iku mau sadurunge munggah njaluk DP dhisik. Banjur Ndara mangsuli “wis toh, ngeten mawon, Pak. Anu, Pak Mbun, Pak Tejo. Mangke njenengan mlampah mpun kula antem.” Tembung “kula antem” bisa nduwe teges mengko yen Dhalange mlaku Ndara njupu samubarang kanggo ngantem Dhalang, bisa uga Dhalang siap-siap budhal tanggapan mengko dhuwite DP ditransfer. Sing dimaksud dening Ndara iku teges kapindho yaiku mengko yen ana wektu dhuwite DP ditransfer karo ngenteni Dhalange siap-siap main ing kono. Ancase Ndara ngomong tetembungan kaya mangkono ora liya ya kanggo ndhagel sarana dolanan tetembungan, mula tuturane Ndara kalebu ing sipat humor nomer wolu yaiku nduwe arti saka siji.

PANUTUP DUDUTAN

Manut analisis kang wis kelakon ing panliten Prinsip Kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei ing JTV iki, asil panliten kasebut diandharake kaya ing ngisor iki.

- 1) Adicara Ngoro Bei nggambarake wujud prinsip kerjasama miturut Grice. Ana patang maksim sajrone prinsip kerjasane Grice yaiku maksim kuantitas, maksim kualitas, maksim relevansi, lan maksim cara. Panliten ing ndhuwur uga ngemu penyimpangan prinsip kerjasama yaiku penyimpangan maksim kuantitas, penyimpangan maksim kualitas, penyimpangan maksim relevansi, lan penyimpangan maksim cara. Kabeh penyimpangan iku akeh digunakake dening paraga ing Adicara Ngoro Bei supaya nuwuhake lelucon sajrone pacaturan.

Tuturan sajrone adicara Ngoro Bei ngemu sipat humor sing diandharake dening Danandjaya. Sipat-sipat sing marakake pamireng gumuyu yaiku 1) ngemu kejutan amarga ngomongake tetembungan sing ora pantes tumrap adat; 2) bisa ngecoh wong liya; 3) nglanggar tabu yaiku ngomongake tetembungan sing ora pantes; 4) nampilake sing aneh-aneh; 5) ora nalar; 6) kontradiktif karo

kedadeyan; 7) nggodha; lan 8) nduwe arti luwih saka siji tumrap sawijine tembung sing lumrahe ana ing humor teka-teki sing asipat dolanan tetembungan. Kabeh sipat humor ing ndhuwur ana sajrone tuturan adicara Ngoro Bei ing JTV. Sipat-sipat humor iku mesthi ana ing adicara lawakan kaya mangkene amarga bab iku wis dadi ancane adicara lawakan umum.

PAMRAYOGA

Panliten iki dikarepake bisa ndadekake pamrayoga lan renungan marang pihak-pihak pendhidhikan kanggo sinau basa Jawa mligine ing bab basa. Ana sawenehe pamrayoga kang wigati tumrap panliten Prinsip Kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei iki ing mangsa ngarep. Bab iki minangka panjangkepe dudutan kang wis diandharake mau. Pamrayoga ngandharake sawenehe cara, mula saka kuwi anane pamrayoga kuwi uga migunani tumrap panliten basa iki. Panliten Penyimpangan Prinsip Kerjasama sajrone Adicara Ngoro Bei iki isih kurang sak rinci andharane. Mula saka iku dikarepake panliten sabanjure bisa njangkepi panliten iki.

KAPUSTAKAN

- Alwi, H. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Abdul, Rani Dkk. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dalam Pemakaian*. Malang: Bayu Media Publishing.
- Basir, Udjang Pr. 2010. *Pengantar Kajian Tindak Berbahasa, Konsep, Teori, Model Pendekatan & Fakta Bahasa*. Surabaya: Bintang.
- Chaer, Abdul lan Leonie Agustina. 2004. *Sociolinguistik (Perkenalan Awal)*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Cummings, Louise. 2007. *Pragmatik, Sebuah Perspektif Multidisipliner*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- Danandjaja, J. 2004. *Humor Mahasiswa Jakarta*. Jakarta: Pustaka Sinar Harapan.
- Fishman, Joshua A. 1972. *The Sociology of Language (An Interdisciplinary Social Science Approach to Language in Society)*. USA: Newbury House Publisher.
- Herawati. 2007. *Wacana Humor dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa.
- Ibrahim, A. S. 1993. *Kajian Tindak Tutur*. Surabaya: Usaha Nasional.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik (Terjemahan M. D. D. Oka)*. Jakarta: UI Press.
- Lubis, Hamid Hasan. 1991. *Analisis Wacana Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Maryati, Sri. 2012. *Penyimpangan Prinsip Kerjasama dan Prinsip Kesopanan dalam Acara Humor Dhagelan Basiyo*. Skripsi tidak diterbitkan. Yogyakarta: PPs Universitas Negeri Yogyakarta.
- Moloeng, Lexy J. 1989. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosda Karya.
- Mulyana, Deddy. 2005. *Ilmu Komunikasi: Suatu Pengantar*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Nababan, P. W. J. 1993. *Sociolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Nababan, P. W. J. 1987. *Ilmu Pragmatik (Teori dan Penerapannya)*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Nasihah, Mawaddatun. 2015. *Pelanggaran Prinsip Kerjasama Tayangan Galau Nite di Metro TV: Analisis Pragmatik*. Skripsi ora diterbitkan. Yogyakarta: PPs Universitas Negeri Yogyakarta.
- Nurgiyantoro, Burhan. 1995. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta: UGM Press.
- Poedjosoedarmo, Soepomo. dkk. 1979. *Morfologi Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Rahardi, Kunjana. 2003. *Berkenalan dengan Ilmu Bahasa Pragmatik*. Malang: Dioma.
- Rahardi, Kunjana. 2005. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rustono. 1999. *Pokok-Pokok Pragmatik*. Semarang: IKIP Press.
- Tarigan, Henry Guntur. 1986. *Pengajaran Pragmatik*. Yogyakarta: Angkasa.
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi.
- Wijana, I Dewa Putu. 2003. *Kartun: Studi Tentang Permainan Bahasa*. Yogyakarta: Ombak.
- Yule, George. 1996. *Pragmatik (Terjemahan Rombe Mustajab)*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.